

Asanm N ap Fè Depistaj



Èske w kalifye pou yon
tès depistaj kansè nan
tete ak nan kòl matris
GRATIS oubyen
a pri abòdab?

Pwogram Depistaj ki Fèt Bonè pou Kansè nan Tete ak nan
Kòl Matris Florid la bay egzamen klinik nan tete, mamogram
ak tès pap **gratis** oswa a pri abòdab.

Medam yo la youn pou lòt — nou bay rapèl, nou verifye e nou pran swen lòt. Fè depistaj kansè
nan tete ak nan kòl matris se yon lòt fason pou w pwoteje medam nou renmen yo — ak tèt nou.

Depistaj la senp, li enpòtan epi li ka sove lavi.
Kidonk, fè tès depistaj epi pataje enfòmasyon
sa a ak medam ou renmen yo.

Ansanm, nou bay sa enpòtans.
Ansanm, nou fè depistaj.

Pwogram nou yo ofri:

- Depistaj konfidansyèl ak doktè ki fyab.
- Aranjman pou swen pou egzamen
ki pa nòmal.
- Medicaid ka peye tretman kansè nan tete
ak nan kòl matris si w kalifye.



Eskane kòd QR la pou w aprann plis oubyen ale sou —
FloridaHealth.gov/WeScreen

Finansman pa Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi,
Akò Koperativ Nimewo 1NU58DP007161

Florida
HEALTH